

BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Metode jeung Tehnik Panalungtikan

3.1.1 Metode Panalungtikan

Sangkan bisa ngahontal tujuan, dina unggal kagiatan panalungtikan diperlukeun metode panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2004: 136) metode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana.

Dumasar katerangan di luhur, dina ieu panalungtikan digunakeun métode struktural jeung semiotik. Métode struktural digunakeun pikeun nganalisis unsur intrinsik carita pondok. Sedengkeun métode semiotik digunakeun pikeun nyungsi harti jeung ma'na dina tanda-tanda nu aya dina karya sastra kaasup di jerona prosa, puisi, jeung drama (Koswara, 2005: 124). Analisis struktural dina unsur intrinsik kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* ieu diwatesanan kana tokoh utama jeung tokoh tambahan sarta penokohanana anu ngébréhkeun ajén patriotisme dumasar kana unsur semiotikna.

3.1.2 Tehnik Panalungtikan

Tehnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta tehnik analisis. Ku ieu tehnik dipiharep analisis salasahiji unsur intrinsik nu museur kana tokoh katut

penokohanana dumasar unsur semiotik dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* bisa dideskripsikeun kalawan jéntré. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana prosedur ieu dihandap.

- a. Nyirian salasihiji unsur intrinsik nya éta tokoh katut penokohanana nu mibanda ajén patriotis dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran*;
- b. Nyebutkeun jeung nyindekkeun unsur intrinsik tokoh katut penokohan nu geus dicirian dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran*;
- c. Unggal data semiotik anu kapanggih dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* dibéré kode anu tangtu.

Conto: “Bijilkeun Létnan Sera, si Bénjol...urang cacag!” (1/14/30/I/TT)

Keterangan:

- 1) 1 : nomer urut
- 2) 14: kaca
- 3) 30: paragraph
- 4) I : kode judul carita pondok
- 5) TT (TU): Tokoh Tambahan (Tokoh Utama)

- d. Ngainterpretasikeun sakabéh data semiotik dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran*.

3.2 Instrumen Panalungtikan

Instrumen mangrupa alat anu dipaké dina panalungtikan sangkan leuwih gampang dina prosés nganalisis. Arikunto (2006: 136) nétélakeun:

“Instrumen penelitian adalah alat atau fasilitas yang digunakan oleh peneliti dalam mengumpulkan data agar pekerjaannya lebih mudah dan hasilnya lebih baik, dalam arti lebih cermat, lengkap dan sistematis sehingga lebih mudah diolah.”

Instrumen atawa alat nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tabél. Éta tabél digunakeun pikeun nganalisis tokoh utama jeung tokoh tambahan anu némbongkeun ajén patriotis dumasar kana jenis tanda, nya éta ikon, indeks, jeung simbol.

Tabél panalungtikanana katitén saperti di handap ieu.

Tabél 1
Format Tabél Analisis Unsur Semiotik

No	Kode	Objék Analisis	Interpretasi
		a. Ikon	
		b. Indéks	
		c. Simbol	

3.3 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3.1 Populasi Panalungtikan

Populasi nya éta sakumna objék panalungtikan. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* karangan Rukmana H.S.

3.3.2 Sampel Panalungtikan

Sampel nya éta sabagian atawa sagemblengna data tina populasi anu ditalungtik. Nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh data nu aya dina populasi, jadi ngagunakeun sampel total.

Dina ieu kumpulan carita pondok aya dua puluh dua judul anu baris dianalisis tina sikep, tindakan atawa paripolah, sarta sawangan katut koméntar ti tokoh utama jeung tokoh tambahan anu némbongkeun ajén patriotisna. Judul-judul anu baris dianalisis téh diantarana nya éta, "Harta Karun" (kaca 11-19), "Nu Teu Daék Mulang" (kaca 20-32), "Penghianat" (kaca 33-37), "Maéhan Bapa Sorangan" (kaca 38-49), "Sasak Gantung" (kaca 50-56), "Pélor Kayu Gabus" (kaca 57-61), "Ali Emas 'na Kotakan" (kaca 62-67), "Bayonét" (kaca 68-76), "Kaméja Rangsak" (kaca 77-85), "Pélor Sésa" (kaca 86-93), "Nu Ceurik di Pasir Ipis" (kaca 94-99), "Merdéka Tetep Gurka Diantep" (kaca 100-107), "Geus Némbongan" (kaca 108-114), "Oléh-oléh Pertempuran" (kaca 115-120), "Koprál Hideung" (kaca 121-128), "Supir Mobil Mati" (kaca 129-134), "Tepung 'na Taweuran Masjid Agung" (kaca 135-141), "Supata" (kaca 142-147), "Péstol Leutik Pérah Beureum" (kaca 148-159), "Héot És Lilin" (kaca 160-165), "Cipanon Handapeun Hantap" (kaca 166-172), jeung "Kasarad" (kaca 173-182).

3.4 Léngkah Garapan

Léngkah-léngkah garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat tahap, nya éta:

1) Tahap Tatahar

- a. Ngajukeun judul panalungtikan;
- b. Nyusun rarancang panalungtikan;
- c. Ngayakeun telaah pustaka;
- d. Konsultasi jeung dosén pangaping.

2) Tahap Ngumpulkeun Data

- a. Maca buku kumpulan carita pondok Oléh-oléh Pertempuran;
- b. Ngumpulkeun data;
- c. Nyieun papasingan data.

3) Tahap Ngolah Data

- a. Niténan data anu geus dikumpulkeun;
- b. Nganalisis data;
- c. Ngadeskripsikeun data anu geus dikumpulkeun;
- d. Ngelompokkeun data anu geus dikumpulkeun kana wangun tabél;
- e. Nyieun kacindekan tina data anu geus diolah.

4) Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan mangrupa tahap pamungkas dina ieu panalungtikan. Dina tahap ieu, data-data nu geus diolah tuluy dideskripsikeun ku panalungtik kalawan disusun dina wangun skripsi. Di handap ieu mangrupa béréndélan sistematika dina nyusun laporanna.

- a. Bab I Bubuka;
- b. Bab II Landasan Tiori;
- c. Bab III Metodologi Panalungtikan;
- d. Bab IV Ajén Patriotis dina Kumpulan Carita Pondok *Oléh-oléh Pertempuran* Karangan Rukmana H.S.;
- e. Bab V Kacindekan jeung Saran.

